# 6

# विद्यापति

मधुबनी जिलामे बिसफी नामक एकटा गाम अछि । ओहि गाममे गणपति ठाकुर नामक एक पंडित छलाह । हुनका एक पुत्र भेलनि । ओहि बालकक नाम विद्यापति राखल गेल । विद्यापति संस्कृत पढ़ि नीक पंडित भेलाह। ओ बड़ पैघ कवि भेलाह।

ताहि दिन संस्कृतक विद्वान् संस्कृतहिमे श्लोक बनाबथि । मातृभाषामे कविता लिखबाक चलनि नहि छलैक । विद्यापति मातृभाषामे बहुत रास गीत बनाओल ।

ओ विचार कयलनि जे संस्कृत केवल पंडित बुझताह । तेहन भाषामे कविता बनाबी जे सभ बुझय।

हुनक गीत बड़ प्रचलित अछि । मिथिलामे विद्यापतिक गीतक दू चारि पाँती सभ गोटे जनैत छथि। स्त्रिगणकेँ हुनक गीत बड़ प्रिय । महादेवक ओ बड़ पैघ भक्त छलाह।

महराज शिवसिंह हुनका बड़ मानथिन । शिवसिंहकेँ गद्दी भेटलनि। बिसफी गाम विद्यापतिकेँ देलथिन ।

विद्यापति मैथिली भाषामे गीत बनाओल । बंगालहुमे हुनक गीत लोक गबैत अछि । विश्वकवि रवीन्द्रनाथ टैगोर हिनक गीतसँ प्रभावित भेलनि आ टैगोर साहेब "भानुसिंहेर पदावली" नामक पोथी लिखि देलनि ।

हुनक मृत्युक सम्बन्धमे कहल जाइत अछि -

कातिक धबल त्रयोदशी जान

विद्यापतिक आयु अवसान ।

हुनक मृत्यु कातिकक इजोरिआक त्रयोदशीकेँ भेलनि । ओहि तिथिकेँ मिथिले टामे नहि, देश-विदेशमे विद्यापति पर्व बड़ धूम-धामसँ मनाओल जाइत अछि ।

- इन्द्रकान्त झा

## प्रश्न ओ अभ्यास

**1. प्रश्नक उत्तर दिअ**

1. विद्यापतिक जन्म कतय भेलनि ?
2. विद्यापति मातृभाषामे किएक गीत बनौलनि ?
3. विद्यापतिकेँ लोक बंगाली किएक कहैत छल ?
4. विद्यापतिकेँ मृत्यु कहिआ भेलनि ?

**2. मिलान करू**

| | | |
|---|---|---|
| 1. | विद्यापति | मधुबनी |
| 2. | विसफी | गणपति ठाकुर |

3. महादेव पंडित
4. संस्कृत भक्त

## 3. पहिने की भेल तकर बाद की भेल

1. विद्यापति पर्व बड़ धूम-धामसँ मनाओल जाइत अछि । ☐
2. महादेवक पैघ भक्त छलाह । ☐
3. स्त्रिगणकेँ हुनक गीत बड़ प्रिय । ☐
4. महाराज शिवसिंह हुनका बड़ मानथिन । ☐
5. मधुबनी जिलाक विसफी गाममे विद्यापतिक जन्म भेलनि । ☐

## 4. खाली जगहकेँ भरू

1. विद्यापतिक जन्म .......................... मे भेल । (दरभंगा, मधुबनी)
2. हिनक पिताक नाम .......... छल । (गणपति ठाकुर, महादेव ठाकुर)
3. देश विदेशमे ............... पर्व बड़ धूम-धामसँ मनाओल जाइत अछि (विद्यापति, फगुआ)

## 5. विचार करू

विद्यापतिक बादक तीन गोट आओर कविक नाम बताउ ।

विद्यापति आओर शिव सिंह कोन तरहेँ सम्बन्धित छलाह ।

विद्यापतिक गीतक चारि पाँती छात्रसँ सस्वर गवाओल जाय।

# माने जानू

| | | |
|---|---|---|
| पंडित | – | विद्वान् |
| मातृभाषा | – | मायक भाषा |
| प्रचलित | – | चलनसारि |
| पैघ | – | नमहर |
| भक्त | – | भक्ति कयनिहार |
| धवल | – | इजोरिया, उज्जर |
| अवसान | – | मृत्यु |